

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa eunteung tina kahirupan sosial. Hartina naon waé anu karandapan ku para tokoh dina karya sastra, mangrupa réfléksi tina kanyataan sosial. Réalitas anu digambarkeun nya éta lalakon sacara personal, pribadi, atawa individual. Aya ogé anu ngagambarkeun réalitas sacara jembar saperti kaayaan sosial, konflik politik, atawa kamekaran budaya anu mangaruhan hiji bangsa, nagara, jeung sadunya. Saluyu jeung nu ditétlakeun ku Damono (2003, kc. 1) yén sastra midangkeun gambaran kahirupan, jeung éta kahirupan téh mangrupa kanyataan sosial. Dina ieu hal, kahirupan ngawengku antar masarakat, antar masarakat jeung individu, antarindividu, jeung antarkajadian anu tumiba dina batin hiji jalma. Kajadian-kajadian anu kaalaman dina batin hiji jalma sok dijadikeun bahan pikeun nyieun karya sastra.

Parobahan laku lampah jeung sipat individu atawa masarakat kapangaruhan ku aspék-aspék sosial nu kaalaman dina transisi prosés kahirupanna séwang-séwangan. Nurutkeun Ahyar (2012, kc. 12) aspék sosial nyaéta sawangan tina kanyataan anu dipatalikeun jeung kahirupan sapopoé, kaayaan, kajadian, jeung prosés. Individu anu ngalaman prosés parobahan dina dirina ngarojong pikeun ngawangun idéntitas dirina. Tiori anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tiori Soekanto (2015, kc. 311) nu ngawengku aspék sosial kana lima bagian, nyaéta aspék sosial atikan, aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial politik, jeung aspék sosial ékonomi.

Dina karya sastra, hal-hal anu aya di luhur téh biasana dicaritakeun deui ngaliwatan hiji carita anu dibungkus ku karya sastra, salah sahijina dina wangun carita wayang. Karya sastra nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 14) nyaéta sastra

minangka karya seni tangtu baé jadi ciri idéntitas sastra, salian ti idéntitas studi. Karya sastra mangrupa karya seni salaku alat komunikasi seniman jeung publik atawa pamaca atawa panongton. Karakter para tokoh dina karya sastra kawangun ku aspék-aspék sosial anu kajadian dina carita. Pikeun maluruh aspék sosial dina hiji carita, panalungtik kudu bisa ngadadarkeun wangun struktur naratif tina éta carita. Ku kituna, ngaguar wangun struktur naratif tina hiji carita ngagunakeun modél analisis struktural Vladimir Propp, numutkeun Taum dina Lestari (2015, kc. 98), ieu tiori nalungtik struktur naratif sacara teleb sangkan numuwuhkeun ma'na anyar kana dikotomi *fabula* (carita) sarta *sjuzhet* (alur).

Wayang golék kaasup kana sastra lisan, kusabab dina cara nepikeunana ku dalang salaku narator (nu nyarita) tur nu lalajo salaku *audience* (nu ngadéngékeun). Dalang miboga kabébasan pikeun mintonkeun carita-carita karangan sorangan atawa batur nu disebut *carangan*. *Carangan* nyaéta carita wayang anu dijieun ku para wali jeung para dalang. Contona lalakon “Semar Rarabi”. Salian ti éta, aya ogé nu disebut sempalan nyaéta carita anu ngaleunjeur dina *Mahabarahata*, *Bratayuda*, jeung *Ramayana*. Contona lalakon “Pandawa Dadu”. Sedengkeun nu pamungkas aya *wiwaha*, nyaéta cara dalang pikeun nepikeun papatah, hal teu panuju, jeung nutupan anu teu bener. Biasana *wiwaha* aya dina galur carita atawa dialog tokoh wayangna. Contona saperti Cepot nepikeun informasi ngeunaan KB (Keluarga Berencana) ka nu lalajo atawa bisa ogé ngiritik ka pamaréntah.

Carita wayang mangrupa salah sahiji karya sastra anu raket patalina jeung masarakat réa. Nurutkeun Nugroho (2007, kc.10), wayang golék teu ukur miboga peran salaku sarana hiburan. Dijerona ogé ngandung ajén-ajén nu bisa dicokot pikeun kahirupan. Ajén nu teu ukur patali jeung hal-hal spiritual atawa réligi wungkul, tapi patali jeung pribadi-pribadi étika dina kahirupan jeung pulitik.

Tujuan tina ieu panalungtikan sangkan bisa ngaguar jeung maluruh unsur struktural jeung aspék sosial dina carita wayang lalakon “Semar Rarabi” sarta bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran Carita Wayang kelas XII. Parobahan laku lampah manusa anu kapangaruhan ku aspék-aspék sosial dina lingkungan

sabudeureunna bisa kapanggih dina carita wayang lalakon “Semar Rarabi” sabab ieu lalakon nyaritakeun hiji kajadian anu bisa karandapan ku sakumna umat manusa.

Aya sababaraha panalungtikan kana aspék sosial anu geus dilakukeun kayaning: *Aspék Sosiologi Sastra dina Novél Saéni karangan Hadi AKS* (Skripsi) 2014 karya Prayoga Adiwisastro, *Struktur, Aspék Sosial, jeung Ajén Atikan Karakter dina Carita Budak Nala karya Darpan pikeun Bahan Pangajaran Maca di SD* (Ulikan Struktural, Sosiologi Sastra, jeung Etnopedagogik) (Tesis) 2018 karya Ade Hilman Miftah Fauzi, *Aspék Sosial dina Novél Kabandang ku Kuda Lumping karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP* (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra) (Skripsi) 2020 karya Wais Al-Qorni, *Aspék Sosial dina Carita Budak Ulin di Monumén karya Tetti Hodijah* (Ulikan Objéktif, Mimétik, jeung Pragmatik) (Skripsi) 2019 karya Kurnia Sari.

Sok sanajan réa panalungtikan ngeunaan carita wayang, struktural jeung aspék sosial, bédana ieu panalungtikan nyaéta analisis struktural ngagunakeun analisis modél Vladimir Propp sarta aspék sosialna ngagunakeun téori sosial sastra Soekanto.

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta carita wayang lalakon *Semar Rarabi* anu dipintonkeun ku Giri Harja 3 dalangna nyaéta Ki Asep Sunandar Sunarya kalayan sumberna tina *Youtube*. Can aya panalugtikan anu ngaguar carita wayang ngagunakeun analisis modél Vladimir Propp sarta aspék sosial nu ngagunakeun tiori Soekanto. Ieu carita wayang lalakon “Semar Rarabi” mangrupa carita anu diwangun ku sabaraha babak sacara kronologis tur ngaguluyur anu saluyu jeung objék panalungtikan tiori struktural Vladimir Propp nyaéta téks naratif sarta dina ieu carita wayang nyangkaruk aspék-aspék sosial ti unggal kajadian nu kaalaman ku para tokohna anu baris diguar dina ieu panalungtikan. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan “Aspék Sosial dina Carita Wayang Lalakon Semar Rarabi ku Dalang Asép Sunandar pikeun Bahan Ajar Kelas XII SMA (Ulikan Struktural)”.

1.2 Identifikasi Masalah

Masalah ieu panalungtikan medar ngeunaan: (a) struktur carita ngagunakeun modél Vladimir Propp anu kabagi jadi tilu puluh hiji fungsi, (b) aspék sosial dina carita wayang lalakona “Semar Rarabi” ngagunakeun tiori Soekanto nu ngawengku kana 5 bagéan nya éta aspék sosial atikan, aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial politik, jeung aspék sosial ékonomi, (c) bahan pangajaran Carita Wayang kelas XII SMA.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi”?
- 2) Aspék sosial naon waé nu kapanggih dina Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi”?
- 3) Kumaha larapna hasil analisis struktural jeung aspék sosial dina Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi” pikeun bahan pangajaran carita wayang di kelas XII SMA?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun struktur, aspék sosial, jeung bahan ajar carita wayang “Semar Rarabi” di kelas XII SMA.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita dina Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi” ngagunakeun modél analisis Vladimir Propp;
- 2) aspék sosial dina Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi”; sarta

- 3) larapna hasil analisis struktural jeung aspék sosial dina Carita Wayang lalakon Semar Rarabi pikeun bahan pangajaran carita wayang di kelas XII SMA.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mekarkeun élmu pangaweruh sastra Sunda hususna dina Carita Wayang ngeunaan struktur carita ngagunakeun modél analisis Vladimir Propp jeung maluruh aspék sosial dina lalakon “Semar Rarabi”. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran Carita Wayang kelas XII SMA.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés diwincik sababaraha mangpaat nu sipatna praktis, nyaéta ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa ku ayana Carita Wayang dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruhna ngeunaan kasusastraan Sunda.
- 2) Pikeun guru méré gambaran tur mekarkeun pangaweruh ngeunaan prosés ngajar, hususna dina ngajarkeun Carita Wayang sangkan nambahan bahan pangajaran.
- 3) Pikeun panalungtik bisa jadi data pribadi ngeunaan larapna tiori modél analisis Vladimirr Propp sarta aspék sosial dina Carita Wayang lalakon “Semar Rarabi” sangkan leuwih teleb dina kasusastraan Sunda.
- 4) Pikeun nu maca dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan lalakon dina Carita Wayang.
- 5) Pikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran basa jeung sastra Sunda jadi leuwih euyeub ku bahan ajar Carita Wayang.

1.6 Raraga Nulis

Ieu tulisan dipidangkeun dina lima bab, bisa katitén ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir. Eusi bab II medar ngeunaan struktur, aspék sosial, jeung bahan ajar.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan data jeung sumber data, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan, eusina medar struktural, aspék sosial, jeung larapna hasil ieu panalungtikan kana pangajaran.

Bab V Kacindekan jeung Rékomendasi, medar kacindekan jeung rékomendasi.